# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में नौ गो विधानसभा सीटिनि पर बीस नवंबर के होखे वाले उपचुनाव बदे प्रचार क कार जोरिया गइल हवे। सज्जों राजनीतिक दलन क प्रमुख नेता अउर स्टार प्रचारक उपचुनाव वाले विधानसभा क्षेत्रन में चुनावी जनसभा के संबोधित कइ रहल हवे अउर अपने ओम्मेदवार के पक्ष में ओट मांग रहल हवे। मिरजापुर क मझवा विधानसभा क्षेत्र के भैसाग्राम सभा में आजु भाजपा क सीनियर नेता अउर केन्द्रीय मंत्री महेन्द्रनाथ पाण्डेय जनसभा के संबोधित कइले। उहां के कहलीं कि भाजपा सरकार अपने काम के आधार पर जनता के बिच्चे पहुंच रहल हवे। समरस समाज क विकास अउर कानून क राज भाजपा क प्रमुख उद्देश्य हवे।

**********

उत्तर प्रदेश पीसीएस प्रारंभिक परीक्षा दुई हजार चौबीस अउर आरओ– एआरओ–दुई हजार तेइस क परीक्षा एक दिन अउर एक्के सिफ्ट में करवले के मांग के लेके प्रतियोगी छात्रन क परदरसन आजुओ जारी रहल। प्रतियोगी छात्र प्रयागराज में उत्तर प्रदेस लोकसेवा आयोग कार्यालय पर पहुंचले अउर एक दिवसीय परीक्षा बहाल करे खातिर परदरसन करत रहलें। मौका पर पहुंचल जिलाधिकारी अउर पुलिस कमिस्नर ओन्हे समझावे क कोसिस कइले बाकिर उनकर छात्रन पर कउनो प्रभाव नाही पड़ल। ओहर प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य एक्स हैंडल पर छात्रन के मांग पर संवेदनसीलता देखवले क बाति कहले हवे। उहां के कहलें कि सज्जो सक्षम अधिकारी छात्रन के मांग के संवदेनसीलता के साथे सुने अउर जल्दिये समाधान निकारे। पीसीएस प्री क परीक्षा सात अउर आठ दिसंबर क प्रस्तावित हौ ओहीं **आरओ–एआरओ प्रारंम्भिक परीक्षा दुइ हजार तेइस** बाइस अउर तेइस दिसबंर के करावल जाए के हौ।

**********

प्रदेस क मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह आजु महाकुंभ दुइ हजार पचीस के तैयारियन क जायजा लेवे खातिर प्रयागराज पहुंचले। सबसे पहिले उहां के एयरपोर्ट रोड क निरीक्षण कइलीं अउर ओकरे बाकी बचल कार के दस दिसंबर ले हर हालि में पूरा कइले क निरदेस दिहलीं। मुख्य सचिव सूबेदारगंज रेलवे ओवर ब्रिज क निरीक्षण कइलीं अउर किला में अक्षयवट कॉरीडोर के देखलें। प्रयागराज मेला प्राधिकरण कार्यालय मे उहां के महाकुंभ के सज्जों परियोजनन क बिन्दुवार समीक्षा कइलीं अउर ओन्हें जल्दी से जल्दी पूरा कइले क निरदेस दिहलीं।

**********

उत्तर प्रदेस माध्यमिक शिक्षा परिषद बरिस दुइ हजार पचीस क हाईस्कूल अउर इण्टरमीडिएट परीक्षा बदे परीक्षा केन्द्र निर्धारण के प्रक्रिया के सार्वजनिक कइ दिहले हवे। परिषद की ओरि से येह प्रक्रिया के वेबसाइट पर अपलोड कइ दिहल गइल हौ। परिषद क सचिव भगवती सिंह जानकारी देत बतवले कि संस्था क प्रधानाचार्य आ प्रबंधक परीक्षा के निरधारण में कउनों तरह क सिकायत माध्यमिक शिक्षा परिषद के पोर्टल पर चउदह नवबंर ले कइ सकेले।

**********

एगो आतंकवादी की ओरि से अजोध्या के राम मंदिर के उडावे के धमकी के बादे ओहा हाई अलर्ट जारी कइ दिहले गइल हौ। मंदिर के राम जन्मभूमि के लेके पूरहर अजोध्या क सुरक्षा बढ़ा दिहल गइल हौ हमार प्रतिनिधि बतवले कि राम मंदिर दरसन राही के लेके सज्जों खास जगहिन पर गहन जांच पड़ताल चलि रहल हवे।

**********

मिर्जापुर के चुनार में कातिक पुन्नवासी अउर देव दीपावली के मौका पर तीन दिन क नैनागढ़ महोत्सव क सुरूआत बिहने से होइ। येह महोत्सव में कातिक पुन्नवासी के दिन्न चुनार के घाट पर इक्यावन हजार दीया बारल जाइ। महोत्सव के दौरान कइ गो सांस्कृतिक कार्यक्रमन क आयोजन होई, जेहकर तैयारी जोर–सोर से चलि रहल हवे।

**********

देवोत्थानी एकादशी क परब आजु प्रदेसभर में सरधा, भक्ति अउर उछाह के माहौल मे मनावल जा रहिल हौ। येह मौका पर आजु भिन्नहिये सरधालु पवित्र नदियन अउर पोखरन में आस्था क डुबकी लगवले अउर भगवान लक्ष्मी नारायण क पूजा अरचना कइ के सुख समृद्धि क कामना कइले। मान्यता हौ कि आजु के दिन्न भगवान विष्णु नीद से जागे ले एकरे बाद हिन्दू धरम में मांगलिक कार्यक्रमन क आयोजन सुरू हो जाला। ये परब पर तुलसी माता के बियाह क विधानों हौ । ओहर अजोध्या में प्रसिद्ध कातिक पुन्नवासी मेला क दूसरका फेरा क काल्हि से सुरू भइल पंचकोसी पैकरमा आजु दुपहरिया पूरा हो गइल। अट्ठारह बर्ग किलोमीटर लंमहर येह पैकरमा बदे सरधलुअन में खास उछाह देखल गइल। मथुरा–बृन्दावनों में देवोत्थानी एकादशी के मौका पर लाखों लोगि पैकरमा कइलें। येह मौका पर बनारस में गंगा घाटन क सफाई कइ के लोगिन के नमामि गंगे अभियान से जुड़ले क अपीलि कइल गइल। सथहीं नमामि गंगे टीमि की ओर से पर्यावरण संरक्षण बदे तुलसी क पौधा बांटल गइल।

**********

लखनऊ के अटल बिहारी वाजपेयी इकाना स्टेडियम में बिहने से उत्तर प्रदेस अउर कर्नाटक क्रिकेट टीमि के बिच्चे रणजी ट्राफी मैच सुरू होई। मैच बदे दूनो टीमि आजु स्टेडियम पहुंच के जम के अभ्यास कइलीं। रणजी ट्राफी मैच के मौजूदा सत्र में उत्तर प्रदेस क टीमि अबहिन ले कउनहू मैच जीतले में सफल नाही हो सकल हवे।

**********